

AVI ANYÈL KONSÈNAN ENSTALASYON KOUVÈTI POU BOUTON FOU

Selon Kòd Administratif §27-2046.4(a), pwopriyetè bilding sa a oblije bay kouvèti pou bouton fou pou chak bouton ki sitye sou devan chak fou ki mache ak gaz pou lokatè nan chak inite lojman kote gen yon timoun ki poko gen sizan ki abite ladan, sòf si pa gen kouvèti pou bouton fou ki disponib ki adapte ak bouton ki sou fou a. Pou refize kouvèti pou bouton fou yo, lokatè yo ka tcheke ti kare ki koresponn lan sou fòm sa a. Pou mande kouvèti bouton fou menmsi yo pa gen yon timoun ki poko gen sizan ki abite avèk yo, lokatè yo ka tcheke ti kare ki koresponn lan sou fòm sa a tou. **Pwopriyetè a dwe mete kouvèti bouton fou yo disponib nan 30 jou oplita apre avi sa a.**

Tanpri, y ap fè konnen tou yon pwopriyetè oblije bay ranplasman kouvèti pou bouton fou de (2) fwa sèlman pandan yon peryòd yon ane. Pou mande oswa pou refize kouvèti pou bouton fou yo, ou ka tcheke ti kare ki koresponn lan sou fòm lan anba a, epi retounen li bay pwopriyetè a nan adrès yo bay la. Si ou pa refize kouvèti pou bouton fou yo alekri, pwopriyetè a ap eseye mete yo disponib pou ou.

Pou ranpli fòm sa a, tanpri tcheke ti kare ki koresponn lan, mete enfòmasyon yo mande yo, epi siyen li. Tanpri retounen fòm lan bay pwopriyetè a nan adrès yo make a oplita (METE DAT LA):

- Wi, mwen vle kouvèti bouton fou oswa ranplasman kouvèti bouton fou pou fou mwen an, epi mwen gen yon timoun ki poko gen sizan ki abite nan apatman mwen an.
- Wi, mwen vle kouvèti bouton fou oswa ranplasman kouvèti bouton fou pou fou mwen an, menmsi mwen pa gen yon timoun ki poko gen sizan ki abite nan apatman mwen an.
- Non, mwen PA vle kouvèti bouton fou pou fou mwen an, menmsi mwen gen yon timoun ki poko gen sizan ki abite nan apatman mwen an.
- Non, mwen PA vle kouvèti bouton fou pou fou mwen an. Pa gen okenn timoun ki poko gen sizan ki abite nan apatman mwen an.

_____ (Siyati Lokatè a) _____ (DAT)

Ekri ak lèt detache Non, Adrès, ak Nimewo Apatman an:

Retounen fòm sa a nan: (Adrès pwopriyetè a): _____
